

Kouvèti Medicare pou Pwodui, Sèvis, ak Pwogram pou Prevansyon Dyabèt

CENTERS FOR MEDICARE & MEDICAID SERVICES

**Ti liv ofisyèl gouvènman sa gen
enfòmasyon enpòtan sou:**

- Kisa ki kouvri
- Fason pou rete ansante
- Ki kote pou jwenn plis enfòmasyon



Enfòmasyon ki nan manyèl sa a dekri Pwogram Medicare la nan moman nou te enprime manyèl sa a. Kapab vin gen kèk chanjman apre enpresyon an. Ale sou Medicare.gov, oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w ka jwenn enfòmasyon ki pi aktyèl yo. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

“Kouvèti Medicare pou Founiti, Sèvis ak Pwogram pou Prevansyon Dyabèt” pa yon dokiman legal. Gid legal sou Pwogram Ofisyèl Medicare la enkli nan lwa, règlemantasyon ak règleman ki aplikab yo.

Tabmatyè

Entwodiksyon	4
Seksyon 1: Sa Medicare Kouvri pou Apèsi Jeneral sou Dyabèt	5
Seksyon 2: Atik pou Dyabèt Medicare Pati B Kouvri	9
Ekipman ak atik pou fè oto-tès (fè tè la ou menm) pou sik nan san.	10
Ponp ensilin	13
Soulye terapeitik oswa otèz	13
Ranplasman ekipman medikal dirab oswa atik ki pèdi oswa domaje nan yon ka dezaz oswa nan yon ka dijans	14
Seksyon 3: Kouvèti Asirans Medicare pou Medikaman pou Dyabèt	15
Ensilin	16
Medikaman anti-dyabetik	16
Atik pou dyabèt	17
Seksyon 4: Kouvèti Medicare pou Sèvis ak Depistaj Dyabèt	19
Depistaj pou dyabèt	20
Pwogram Prevansyon Medicare kont maladi Sik	20
Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt	21
Sèvis terapi nitrisyon medikal	24
Egzamen ak tretman pou pye	25
Tès emogloblin A1C	25
Tès glokòm	25
Piki (vaksen) kont lagrip ak anti-nemokoksik	26
Vizit prevantif “Byenveni nan Medicare”	26
Vizit “Byennèt” anyèl	26
Atik ak sèvis Medicare pa kouvri	26
Seksyon 5: Konsèy ak Resous Itil	27
Nimewo telefòn ak sitwèb	28



Entwodiksyon

Tiliv sa a bay espikasyon sou sa Medicare kouvri pou atik ak sèvis pou dyabèt nan Original Medicare e ak sa Medicare (Pati D) kouvri pou medikaman sou preskripsyon.

Medicare se pwogram federal asirans sante pou moun ki gen 65 an oswa plis, sèten moun ki poko gen 65 ki gen andikap, ak moun ki gen Maladi Ren nan Etap Final (ensifizans ren pèmanan ki mande dyaliz oswa yon transplantasyon, pafwa yo rele ESRD).

Orijinal Medicare gen ladan Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal). Ou ka antre nan yon plan medikaman Medicare separe pou jwenn kouvèti medikaman Medicare (Pati D). Medicare kouvri pifò—men se pa tout—depans pou sèvis ak ekipman swen sante ki apwouve yo.

Medicare Advantage (yo rele tou Pati C) se yon plan Medicare apwouve ki soti nan yon konpayi prive ki ofri yon altènativ ak Orijinal Medicare pou pwoteksyon sante ak medikaman ou. Plan “konbine” sa yo gen ladan Pati A, Pati B, epi anjeneral Medicare kouvèti medikaman (Pati D).

Sa ka ede w konprann tèm sa yo pandan w ap li manyèl sa a:

Ko-asirans: Yon kantite lajan ou ka oblije peye kòm patisipasyon-ou nan depans pou sèvis yo apre ou fin peye dediktib yo. Ko-asirans jeneralman se yon pousantaj (pa egzanp, 20%).

Kopeman: Se yon montan ou ka oblije peye kòm kotizasyon ou pou pri yon sèvis oswa yon atik medikal, tankou yon vizit kay doktè, yon vizit lopital pou pasyan ki pa entène, oswa yon medikaman sou preskripsyon. Jeneralman, yon kopeman se yon montan fiks, olye de yon pousantaj. Paregzanp, ou ka peye \$10 oswa \$20 pou yon vizit kay doktè oswa pou yon preskripsyon.

Dediktib: Kantite lajan ou dwe peye pou swen sante oswa pou preskripsyon yo anvan Original Medicare, Plan Medicare Advantage ou a, plan pou medikaman sou preskripsyon w lan oswa lòt asirans ou an kòmanse peye.

Ekipman medikal dirab: Kèk ekipman medikal, pa egzanp yon aparèy pou ede moun mache, chèz woulant oswa yon kabann lopital doktè w la preskri w pou w itilize lakay ou.

Montan Medicare apwouve: Nan Original Medicare, se kantite lajan yon doktè oswa yon founisè, ki aksepte atribisyon an, ka peye. **Atribisyon** a se yon akò doktè ou, pwofesyonèl swen sante w oswa founisè w ap resevwa kòm peman nan men Medicare dirèkteman, pou li aksepte kantite lajan Medicare apwouve pou sèvis la, epi pou li pa faktire w anyen anplis pase dediktib Medicare ak ko-asirans Medicare la. Li ka mwens pase kantite lajan aktyèl yon doktè oswa yon founisè swen sante chaje. Medicare peye yon pati nan kantite lajan sa a epi w responsab pou diferans lan.

SEKSYON

1 Sa Medicare Kouvri pou Apèsi Jeneral sou Dyabèt

Tablo ki nan paj 6 rive nan paj 8 la bay yon apèsi rapid sou kèk nan sèvis ak pwodui pou dyabèt Medicare Part B (Asirans Medikal) ak Kouvèti Asirans Medicare pou medikaman (Part D) kouvri yo.

Anjeneral, Part B kouvri sèvis ki ka afekte moun ki gen dyabèt yo. Part B kouvri tou kèk sèvis prevantif pou moun ki gen risk pou yo fè dyabèt. Ou dwe gen Part B pou jwenn sèvis ak pwodui li kouvri yo.

Pati D kouvri ekipman pou dyabèt yo itilize pou bay dòz ensilin. Ou dwe rantre nan kouvèti Medicare pou medikaman pou jwenn ekipman sante kouvèti Pati D.

Atik/sèvis	Kisa ki kouvri	Sa w gen pou peye
Medikaman anti-dyabetik Gade nan paj 16	Part D-a kouvri medikaman kont dyabèt ki bon pou kenbe sik nan san (glikoz) estab.	Ko-asirans oswa kopeman Dediktib Pati D ka aplikab tou
Depistaj pou dyabèt Gade nan paj 20	Part B kouvri tè depistaj sa yo, si doktè ou detèmine ou gen risk pou w fè dyabèt. Ou kapab kalifye pou jiska 2 tè depistaj dyabèt chak ane.	Pa gen ko-asirans, kopeman oswa dediktib Pati B
Pwogram Medicare pou Prevansyon Dyabèt Gade nan paj 20-21	Part B-a kouvri yon pwogram pou chanje sante konpòtman yon fwa pou tout lavi pou ede-ou evite dyabèt.	Pa gen anyen pou sèvis sa yo si ou kalifye
Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt Gade nan paj 21-24	Part B kouvri sèvis fòmasyon pou pasyan yo aprann kontwòle dyabèt yo poukont yo pou moun yo fèk dyagnostike ak dyabèt oswa ki gen risk pou komplikasyon nan dyabèt. Pou Medicare kouvri sèvis sa yo, doktè ou a oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante dwe òdone l, epi yon moun oswa pwogram ki akredite ap gen pou l founi sèvis yo.	20% nan montan Medicare apwouve a apre dediktib anyèl Pati B a
Ekipman ak pwodui pou dyabèt Gade nan paj 10-13	Part B a kouvri aparèy pou kontwòle sik nan san (glucose) ak pwodui pou itilize ak ekipman an, tankou bann pou fè tè sik nan san, aparèy lansèt ak lansèt. Nou ka limite kantite oswa konbyen fwa pou w resevwa pwodui sa yo. Pati B kouvri tou ponp ensilin yo konsidere kòm ekipman medikal dirab.	20% nan montan Medicare apwouve a apre dediktib anyèl Pati B a Apati 1ye jiyè 2023 , si w pran ensilin atravè yon ponp tradisyonèl ki kouvri anba avantaj ekipman medikal dirab Medicare, ou p ap peye plis pase \$35 pou yon mwa pwovizyon ensilin. Franchiz Pati B la p ap aplike.
Atik pou dyabèt Gade nan paj 17	Pati D kouvri sèten ekipman medikal pou administre ensilin (tankou sereng, zegwi, prelevman alkòl, twal gaz, ak aparèy ponp pou ensilin ki pa kouvri anba avantaj ekipman medikal dirab Pati B).	Ko-asirans oswa kopeman Dediktib Pati D ka aplikab tou

Atik/sèvis	Kisa ki kouvri	Sa w gen pou peye
<p>Piki kont lagrip ak piki anti-nemokoksik Gade nan paj 26</p>	<p>Piki kont lagrip —Pou ede anpeche atrap viris enfluenza oswa viris grip la. Part B kouvri vaksen sa yon fwa pandan yon sezon grip pandan otòn oswa pandan ivè pou ede w anpeche grip oswa viris ki bay grip.</p> <p>Piki anti-nemokoksik —Part B-a kouvri vaksen sa pou ede w evite pran enfeksyon nemokòk yo (tankou sèten kalite nemoni).</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa dediktib Pati B si doktè w la oswa pwofesyonèl swen sante w la aksepte antant peman an</p>
<p>Egzamen ak tretman pou pye Gade nan paj 25</p>	<p>Part B kouvri yon egzamen pye chak 6 mwa pou moun ki gen newopati dyabetik periferik ak pèt sansasyon pwotektris, toutotan w pa wè yon pwofesyonèl swen pye pou yon lòt rezon pandan vizit yo.</p>	<p>20% nan montan Medicare apwouve a apre dediktib anyèl Pati B a</p>
<p>Tès glokòm Gade nan paj 25</p>	<p>Part B kouvri tès sa a yon fwa chak 12 mwa si ou gen gwo risk pou glokòm. Se yon doktè leta bay otorizasyon legal ki pou fè tès sa a.</p>	<p>20% nan montan Medicare apwouve a apre dediktib anyèl Pati B a</p>
<p>Ensilin Gade nan paj 16</p>	<p>Pati D kouvri ensilin ke yo pa administre nan yon ponp ensilin.</p>	<p>Pri yon rezèv pou yon mwa pou chak ensilin ki kouvri nan Pati D la limite a \$35. Ou p ap bezwen peye yon franchiz.</p>

Atik/sèvis	Kisa ki kouvri	Sa w gen pou peye
Ponp ensilin Gade nan paj 13	Part B kouvri ponp ensilin ekstèn dirab ak ensilin ke ponp lan itilize anba ekipman medikal dirab si w ranpli sèten kondisyon.	20% nan montan Medicare apwouve a apre dediktib anyèl Pati B a Apati lye jiyè 2023 , si w pran ensilin atravè yon ponp tradisyonèl ki kouvri anba avantaj ekipman medikal dirab Medicare, ou p ap peye plis pase \$35 pou yon mwa pwovizyon ensilin. Franchiz Pati B la p ap aplike.
Sèvis terapi nitrisyon medikal Gade nan paj 24-25	Part B ka kouvri terapi nitrisyonèl medikal ak sèten sèvis ki asosye si ou gen dyabèt oswa maladi ren. Doktè ou a oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante dwe refere w pou sèvis sa yo.	Pa gen kopeman, ko-asirans, oswa dediktib Pati B si doktè w la oswa pwofesyonèl swen sante w la aksepte antant peman an.
Soulye terapetik oswa òtèz Gade nan paj 13-14	Part B a kouvri soulye oswa premye terapetik si ou gen dyabèt ak maladi dyabèt bay nan pye ki grav.	20% nan montan Medicare apwouve a apre dediktib anyèl Pati B a
Vizit prevantif “Byenveni nan Medicare” Gade nan paj 26	Pandan premye 12 mwa ou genyen Part B-a, Medicare kouvri yon sèl egzamen sante, ak edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif yo, tankou sèten tès, vaksen ak referans pou lòt swen, si sa nesèsè.	Pa gen kopeman, ko-asirans, oswa dediktib Pati B si doktè w la oswa pwofesyonèl swen sante w la aksepte antant peman an
Vizit “Byennèt” anyèl Gade nan paj 26	Si ou te deja genyen Pati B pou plis pase 12 mwa, ou ka gen yon vizit “Byennèt” chak ane pou devlope oswa aktyalize yon plan prevansyon pèsonalize baze sou faktè sante ak risk aktyèl ou yo.	Pa gen kopeman oswa ko-asirans, oswa dediktib Pati B si doktè w la oswa pwofesyonèl swen sante w la aksepte antant peman an Si ou te gen yon vizit “Byenvini nan Medicare”, ou pral oblije rete tann 12 mwa anvan pou w jwenn premye vizit “Byennèt” anyèl ou a.

SEKSYON

2 Atik pou Dyabèt Medicare Pati B Kouvri

Teksyon sa bay enfòmasyon sou Part B (Asirans Medikal) ak kouvèti pou pwodui pou dyabèt. Medicare kouvri sèten pwodui si gen dyabèt epi Part B, ki enkli:

- **Ekipman ak atik pou fè oto-tès sik nan san.**
Gade nan paj 10-12.
- **Ponp ensilin.** Gade nan paj 13.
- **Soulye terapetik oswa òtèz.** Gade nan paj 13-14.

Ekipman ak atik pou fè oto-tès (fè tès la ou menm) pou sik nan san

Part B kouvri ekipman ak pwodui pou moun fè tès dyabèt (ki rele tou glikoz nan san) poukont yo antanke ekipman medikal dirab.

Pwodui pou w fè tès poukont ou yo enkli:

- Aparèy pou kontwole sik nan san
- Bandlèt pou tès sik nan san
- Aparèy lansèt ak lansèt
- Solisyon pou kontwole glikoz pou tcheke egzaktitud ekipman tès ak bandlèt pou tès yo

Sepandan, kantite pwodui Part B kouvri yo varye.

- Si ou itilize ensilin, ou ka menm jwenn jiska 300 bann tès ak 300 lansèt chak 3 mwa.
- Si ou pa itilize ensilin, ou ka rive jwenn jiska 100 bann tès ak 100 lansèt chak 3 mwa.

Si doktè w di li nesèsè medikalman, epi ou ranpli lòt kondisyon, **Medicare pral pèmèt ou jwenn tès bann ak lansèt siplemantè**. Ou ka bezwen kenbe yon dosye ki montre konbyen fwa w ap aktyèlman teste tèt ou.

Medicare ka kouvri yon monitè glikoz kontinyèl (reseptè) ak founiti ki gen rapò ak monitè s (detektè ak transmetè) si doktè ou di ou ranpli tout kondisyon yo pou pwoteksyon Medicare.

Kondisyon yo enkli bezwen pou:

- Tcheke sik nan san ou souvan (4 fwa oswa plis pa jou), epi
- Swa itilize yon ponp ensilin oswa pran 3 oswa plis piki ensilin pa jou.

Ou dwe tou fè vizit woutin an pèsòn kay doktè ou.

Si ou gen kesyon sou pwodui pou dyabèt yo, ale sou [Medicare.gov/coverage](https://www.medicare.gov/coverage). Ou kapab rele tou 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Ekipman ak atik pou fè oto-tès sik nan san (kontinyasyon)

Kisa pou m pran nan men doktè m lan pou plan an kouvri atik sa yo?

Medicare ap kouvri ekipman ak atik pou oto-tès sik nan san si ou gen yon preskripsyon doktè w la bay. Se pou preskripsyon an endike:

- Si ou gen dyabèt.
- Ki kalite aparèy pou kontwòl sik nan san ke w bezwen e pouki rezon ou bezwen l. (Si ou bezwen yon aparèy espesyal paske ou gen pwoblèm vizyon, se pou doktè w la bay esplikasyon sou sa.)
- Si ou itilize ensilin.
- Chak konbyen fwa ou dwe teste sik nan san w.
- Konbyen bandlèt tès ak lansèt ou bezwen pou yon mwa.

Toujou sonje sa:

- Ou dwe mande pou renouvèlman pou atik ou yo.
- Ou dwe pran yon nouvo preskripsyon nan men doktè w la pou lansèt ak bandlèt tès yo chak 12 mwa.

Ki kote m ka jwenn atik sa yo?

- Ou ka kòmande epi al pran atik ou yo nan famasi w la.
- Ou ka kòmande atik ou yo nan men yon founisè ekipman medikal. Anjeneral, yon “founisè” se nempòt konpayi, moun oswa ajans ki ba w yon atik oswa sèvis medikal, esepite lè ou entèn lopital oswa lè ou nan yon etablisman ki bay swen enfimye. Si ou pran atik ou yo fason sa a, se ou menm ki pou plase kòmman lan. W ap bezwen yon preskripsyon nan men doktè w la pou plase kòmman ou an, men doktè w la pa kapab kòmande atik yo pou ou.

Ki founisè oswa famasi pou mwen itilize?

Ou dwe pran atik yo nan yon famasi oswa nan men yon founisè ki enskri nan Medicare. Si w ale nan yon famasi oswa kay yon founisè ki pa enskri nan Medicare, Medicare pap peye. **Ou pral responsab pou w peye tout bòdwo a pou nempòt atik ou pran nan famasi ki pa enskri oswa kay founisè ki pa enskri.**

Anvan ou resevwa yon atik, li enpòtan pou poze founisè oswa famasi a kesyon sa yo:

- Èske ou enskri nan Medicare?
- Èske ou aksepte transfè reklamasyon?

Si repons youn nan 2 kesyon sa yo se “non,” ou ta dwe rele yon lòt founisè oswa yon lòt famasi nan zòn ou an ki reponn “wi” pou w asire w ke Medicare kouvri acha ou fè yo epi pou w ka fè ekonomi lajan.

Ekipman ak atik pou fè oto-tès sik nan san (kontinyasyon)

Pou w jwenn yon founisè ki enskri nan Medicare, ale sou [Medicare.gov/medicalequipment-suppliers](https://www.medicare.gov/medicalequipment-suppliers). Oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèlè rele 1-877-486-2048.

Remak: Medicare pap peye pou okenn atik ou pat mande, oswa pou okenn atik founisè yo te voye ba ou otomatikman, tankou aparèy pou kontwole sik nan san, bandlèt pou tès ak lansèt. Si w ap resevwa pwodui otomatikman, w ap resevwa piblisite k ap twonpe moun oswa ou sispèk yon fwod ki gen rapò ak pwodui pou dyabèt ou yo, rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Kiyès ki responsab pou soumèt reklamasyon?

Tout famasi ak founisè yo ki enskri nan Medicare dwe soumèt reklamasyon pou monitè sik nan san (glikoz), bann tès, ak lòt atik ki kouvri anba benefis ekipman medikal dirab-la. Ou pa ka soumèt yon reklamasyon pou yon glikomèt oswa pou yon bann tès poukont ou.

Kisa mwen gen pou m peye?

Ou pa peye plis pase ko-asirans ou-an lè ou resevwa pwodui-ou yo nan yon famasi oswa founisè ki aksepte plasman. Si famasi w la oswa founisè a **pa** aksepte transfè reklamasyon, frè yo ka pi wo e ou ka gen pou peye plis. Ou ka gen pou peye tout frè a nèt lè w resevwa sèvis la, epi tann pou Medicare voye kotizasyon pa l la pou peman an.

Ponp ensilin

Apati 1ye jiyè 2023, depans ou pou yon mwa rezèv ensilin ki kouvri nan Pati B pou ponp ekipman medikal dirab ou a (DME) pa gendwa plis pase \$35, epi franchiz Pati B la p ap aplike.

Si ou gen Asirans Sipleman Medicare (Medigap) ki peye ko-asirans Pati B ou a, plan sa a ta dwe kouvri \$35 (oswa mwens) pou pri ensilin. Tcheke ak plan w lan pou w konnen si li peye ko-asirans Pati B w la.

Si w itilize yon ponp ensilin ki mete andeyò kò a (ekstèn) ki pa jetab, Pati B ka kouvri ensilin yo itilize ak ponp lan epi kouvri ponp lan li menm kòm DME. Si w ap viv nan sèten zòn nan peyi a, ou ka oblije sèvi ak founisè ponp ensilin espesifik pou Medicare pou peye pou yon ponp ensilin dirab.

Kijan pou m genyen yon ponp ensilin?

Si ou bezwen itilize yon ponp ensilin, doktè w la pral preskri youn pou ou.

Remak: Nan Orijinal Medicare, ou peye 100% pou ekipman ki gen rapò ak ensilin (tankou sereng, zegwi, prelevman alkòl, ak twal gaz), sof si ou gen Pati D. Pou ponp, tib, ak nenpòt lòt founiti, ou peye 20% nan Medicare- montan apwouve apre franchiz Pati B anyèl la.

Soulye terapetik oswa òtèz

Si ou genyen Pati B, si ou gen dyabèt e si ou ranpli sèten kondisyon (gade paj 14), Medicare pral kouvri soulye terapetik si w bezwen yo.

Kalite soulye Part B kouvri chak ane yo genyen **youn** nan sa yo:

- Yon pè soulye semèl enteryè pwofon ak 3 pè òtèz
- Yon pè soulye moule sou mezi (ikonpri òtèz) si ou pa kapab mete soulye ki gen semèl enteryè ki fon akòz yon defòmite ou gen nan pye, ak 2 pè òtèz adisyonèl

Remak: Nan sèten ka, Medicare ka kouvri tou òtèz separe oswa modifikasyon soulye olye de òtèz yo.

Soulye terapetik oswa òtèz (kontinyasyon)

Kijan pou m genyen yon soulye terapetik?

Pou Medicare peye pou soulye terapetik ou yo, se pou doktè k ap trete dyabèt ou a sètifye ke ou satisfè 3 kondisyon sa yo:

1. Ou gen dyabèt.
2. Ou gen omwen youn nan kondisyon sa yo nan youn oswa nan toude pye:
 - Anpitasyon pasyèl oswa konplè
 - Ilsè nan pye anvansa
 - Kò ki ka bay ilsè nan pye
 - Domaj nan nè akòz dyabèt avèk siy pou pwoblèm avèk kò
 - Move sikilasyon
 - Yon pye ki defòme
3. Y ap trete ou selon yon plan swen konplè pou dyabèt e ou bezwen soulye terapetik ak/ oswa òtèz akòz dyabèt la.

Medicare egzije tou:

- Yon podyat oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye preskri soulye yo.
- Yon doktè oswa yon moun ki kalifye tankou yon podo-òtezi, òtezi oswa pwotezi mezire epi bay soulye yo.

Ranplasman ekipman medikal dirab oswa atik ki pèdi oswa domaje nan yon ka dezaz oswa nan yon ka dijans

Si Original Medicare deja peye pou ekipman medikal dirab (tankou yon ponp ensilin tradisyonèl) oubyen pwodui (tankou pwodui dyabetik) ki andomaje oswa ki pèdi akòz yon ijans oswa yon dezaz:

- Nan sèten ka, Medicare pral kouvri pri pou reparasyon oswa ranplasman ekipman oswa atik ou yo.
- Jeneralman, Medicare ap kouvri tou pri pou lokasyon atik yo (tankou chèz woulant) pandan tan y ap ranje ekipman an.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou ranplase ekipman oswa pwodui ou yo, vizite Medicare.gov, oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

SEKSYON

Kouvèti Asirans Medicare pou Medikaman pou Dyabèt

3

Seksyon sa a bay enfòmasyon sou kouvèti asirans Medicare pou medikaman (Part D) pou moun ki gen Medicare ki fè oswa ki gen gwo risk pou dyabèt. Pou jwenn pwoteksyon medikaman Medicare, ou dwe rantre nan yon plan Medicare pou medikaman oswa yon Plan Medicare Advantage ki gen kouvèti medikaman. Pati D Medicare kouvri ensilin, medikaman anti-dyabetik, ak kèk founiti ki gen rapò ak ensilin ou.

Ensilin

Depans rezèv pou yon mwa pou chak ensilin ki kouvri nan Pati D la limite a \$35, epi ou pa oblije peye yon franchiz pou ensilin. Sa a aplike pou tout moun ki pran ensilin, menm si ou jwenn Èd Sipleman tè (yon pwogram Medicare pou ede moun ki gen revni ak resous limite peye prim Medicare Pati D, dediktib, ko-asirans, ak lòt depans). Si w jwenn yon rezèv ensilin pou 60 oswa 90 jou, depans ou yo pa kapab plis pase \$35 pou chak mwa rezèv pou chak ensilin ki kouvri. Pa egzanp, si w jwenn yon rezèv pou 60 jou yon ensilin ki kouvri nan Pati D, jeneralman w ap peye pa plis pase \$70.

Si w pran ensilin, ou ka jwenn èd pou konpare plan medikaman Medicare ak pri:

- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.
- Kontakte Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (SHIP) lokal ou a pou w jwenn konsèy sou asirans sante pèsonalize gratis.

Remak: Apati 1ye jiyè 2023, menm limit sou frè yo aplike pou ensilin yo itilize nan ponp ensilin tradisyonèl yo (ki kouvri anba Pati B).

Medikaman anti-dyabetik

Sik nan san (glikoz) ki pa kontwole pa ensilin ap kontwole ak dwòg anti-dyabetik. Medicare Pati D ka kouvri yon varyete de medikaman anti-dyabetik. Tcheke ak plan w lan pou w konnen ki medikaman espesifik yo kouvri.

Atik pou dyabèt

Ekipman ki asosye dirèkteman ak livrezon ensilin nan kò a garanti si w gen pwoteksyon Medicare pou medikaman ak dyabèt. Ekipman medikal sa yo enkli:

- Tib alkòl
- Twal gaz
- Zegwi
- Sereng

Pou sa gen plis enfòmasyon

Pou sa gen plis enfòmasyon sou pwoteksyon Medicare pou medikaman:

- Ale nan [Medicare.gov/drug-coverage-part-d](https://www.Medicare.gov/drug-coverage-part-d)
- Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.
- Kontakte Pwogram Asirans Sante Eta ou a (State Health Insurance Program, SHIP) pou konsèy gratis sou asirans sante. Pou w ka jwenn nimewo telefòn yo, vizite [shiphelp.org](https://www.shiphelp.org), oswa rele nan 1-800-MEDICARE.

SEKSYON

Kouvèti Medicare pou Sèvis ak Depistaj Dyabèt

4

Part B kouvri sèten sèvis, tè depistaj ak fòmasyon pou ede ou anpeche, detekte ak trete dyabèt.

An jeneral, doktè ou dwe refere w pou jwenn sèvis sa yo, tankou:

- **Tès depistaj pou dyabèt.** Gade nan paj 20.
- **Pwogram Medicare pou Prevansyon kont Dyabèt.** Gade nan paj 20-21.
- **Fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou.** Gade nan paj 21-24.
- **Sèvis terapi nitrisyon medikal.** Gade nan paj 24-25.
- **Tès emoglobin A1C.** Gade nan paj 25.

Ou ka jwenn kèk sèvis ki kouvri nan Medicare san yon rekòmandasyon. Gade nan paj 25-26.

Depistaj pou dyabèt

Part B peye pou tès depistaj pou dyabèt si ou gen risk pou w fè dyabèt. Ou ka gen risk pou w fè dyabèt si ou genyen:

- Tansyon ateryèl ki wo
- Dislipidemi (istorik nivo kolestewòl ak trigliserid ki pa nòmal)
- Obezite (ki defini kòm yon endèks mas kòporèl (BMI) ≥ 30)
- Pwoblèm tolloreans glikoz (sik nan san)
- Glisemi (sik nan san) ajen elve

Ou ka se yon moun ki gen risk si w gen 2 oswa plis pase faktè risk sa yo:

- Ou gen twòp pwa (defini tankou BMI > 25 , men < 30)
- Ou gen istorik familyal ak dyabèt
- Ou gen yon istorik ak dyabèt gwosès oswa ou te akouche yon ti bebe ki te peze plis pase 9 liv
- Ou gen 65 lane oswa plis

Medicare kapab peye pou jiska 2 tès depistaj pou dyabèt nan yon peryòd 12 mwa. Apre premye tès depistaj pou dyabèt la, doktè w ap detèmine si ou bezwen yon dezyèm tès. Medicare kouvri tès depistaj pou dyabèt sa yo:

- Tès glikoz nan san (sik) ajen
- Lòt tès glikoz nan san Medicare apwouve, jan sa apwopriye

Si ou panse ou ka gen risk pou w fè dyabèt, Si ou panse ou ka gen risk pou dyabèt, pale ak doktè ou pou konnen si ou ta dwe fè tès sa yo.

Pwogram Prevansyon Medicare kont maladi Sik

Part B kouvri yon pwogram pou chanje sante konpòtman yon fwa pou tout lavi pou ede ou evite dyabèt tip 2 a. Pwogram nan kòmanse ak sesyon debaz chak semèn yo ofri nan yon anviwònman gwoup sou yon peryòd 6 mwa. Nan sesyon sa yo, w ap resevwa:

- Fòmasyon pou reyalize chanjman konpòtman ki dire lontan ki baze sou rejim ak egzèsis
- Konsèy sou kòman pou w fè plis egzèsis.
- Estrateji pou kontwole pwa-ou
- Yon antrenè ki resevwa fòmasyon espesyal pou ede w rete motive.
- Sipò pou moun ki gen menm objektif ak defi

Pwogram Prevansyon Medicare kont maladi Sik (kontinye)

Yon fwa w fin ranpli sesyon prensipal yo, w ap jwenn 6 sesyon swivi chak mwa.

Si w te kòmanse Pwogram Medicare pou Prevansyon kont Dyabèt la an 2021 oswa anvan sa, w ap resevwa 12 sesyon anplis si w ranpli sèten kondisyon objektif pèt pwa yo.

Pou ou kalifye, ou dwe genyen:

- Part B (oswa Plan Medicare Advantage).
- Yon glisemi ajèn ki egal 110-125mg/dL, yon glikoz plasma ki dire 2 èdtan ki egal 140-199 mg/dL (tès tolerans glikoz nan bouch) oswa yon rezilta tès emoglobin A1C ki sitiye ant 5.7 ak 6.4% nan espas 12 mwa avan w patisipe nan sesyon debaz la.
- Yon endèks mas kò (BMI) ki egal 25 oswa plis (BMI ki egal 23 oswa plis si ou se yon Azyatik).
- Pa t janm dyagnostike ak dyabèt tip 1 oswa dyabèt tip 2.
- Pa gen Maladi Renal ki nan Faz Tèminal (ESRD).
- Pa t janm patisipe nan Pwogram Prevansyon Dyabèt Medicare la.

Ou pa gen anyen pou w peye pou sèvis sa yo si ou kalifye.

Vizite [Medicare.gov/coverage/medicare-diabetes-prevention-program](https://www.medicare.gov/coverage/medicare-diabetes-prevention-program) pou jwenn pwogram sa yo nan zòn ou an.

Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt

Fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou an ede w aprann kijan pou w byen jere dyabèt ou. Doktè ou a oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante dwe preskri fòmasyon sa a pou Part B kouvri li.

Ou ka jwenn fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou a, si w satisfè youn nan kondisyon sa yo:

- Yo te dyagnostike dyabèt lakay ou.
- Ou chanje soti nan pa pran medikaman dyabèt pou w al nan pran medikaman dyabèt, oswa soti nan medikaman dyabèt oral tonbe nan ensilin.
- Yo dyagnostike dyabèt lakay ou epi w gen risk pou w gen konplikasyon (gade pwochen paj la).

Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt (kontinye)

Doktè ou oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ka konsidere ou gen yon risk k ap ogmante si nenpòt nan sa yo aplikab pou ou:

- Ou gen pwoblèm pou w kontwole sik nan san ou, yo te trete w nan yon sal dijans oswa ou te rete lannwit nan yon lopital akòz dyabèt ou a.
- Yo te dyagnostike w ak maladi je ki gen rapò ak dyabèt.
- Ou gen yon mank sansasyon nan pye ou oswa kèk lòt pwoblèm pye, tankou maladi ilsè, defo oswa yo te koupe pye w.
- Yo te dyagnostike w ak maladi ren ki gen rapò ak dyabèt.

Anjeneral, doktè-ou oswa lòt founisè swen sante ap ba-ou enfòmasyon sou ki kote pou w jwenn fòmasyon sou jesyon dyabèt. Ou dwe pran fòmasyon sa nan men yon moun oswa pwogram ki apwouve ki fè pati yon plan swen doktè-ou oswa lòt founisè swen sante prepare. Se Asosyasyon Ameriken pou Dyabèt (American Diabetes Association) oswa Asosyasyon Ameriken Edikatè Dyabèt (American Association of Diabetes Educators) ki akredite pwogram ak moun sa yo.

Ki kantite fòmasyon ki kouvri?

Medicare pral kouvri jiska 10 èdtan fòmasyon inisyal ak 2 èdtan fòmasyon swivi si ou bezwen li.

Ou dwe fini ak premye fòmasyon an pa plis pase 12 mwa apre lè ou te kòmanse li a. Fòmasyon inisyal la gen ladan 1 èdtan fòmasyon endividyèl youn-a-youn. Anjeneral, y ap bay lòt 9 èdtan fòmasyon inisyal la nan yon anviwònman gwoup.

Enpòtan: Doktè w oswa lòt founisè swen sante ka preskri jiska 10 èdtan fòmasyon youn a youn, olye de sesyon an gwoup. Ou ka bezwen resevwa fòmasyon youn-a-youn si ou gen vizyon ba, yon pwoblèm pou tandè, yon lang oswa lòt difikilte pou kominikasyon, oswa limit pou konprann. Medicare kouvri tou fòmasyon youn a youn si pa gen okenn gwoup ki disponib nan 2 mwa apre dat rekòmandasyon an.

Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt (kontinye)

Medicare kouvri jiska 2 èdtan fòmasyon swivi chak ane apre ane w fin resevwa fòmasyon inisyal la, si w bezwen li. Fòmasyon swivi a ka fèt nan plizyè sesyon an gwoup oswa plizyè sesyon fòmasyon endividyèl. Doktè w oswa lòt founisè swen sante dwe preskri fòmasyon swivi sa a chak ane pou Medicare kouvri li.

Remak: Fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou an disponib nan plizyè Sant Sante Gouvènman Federal la Kalifye (Federally Qualified Health Centers, FQHCs). FQHC yo bay sèvis sante primè ak sèvis prevantif ki kalifye nan zòn riral ak nan zòn iben kote ki pa gen bon sèvis sante yo. Gen kèk FQHCs ki se Sant Sante Kominotè, Sant Sante pou Migran, Swen Sante pou Pwogram Sanzabri, Sant Swen Primè pou Lojman Piblik ak pwogram/enstitisyon sante pou pasyan ki pa entèn ke yon tribi oswa yon òganizasyon tribal oubyen yon òganizasyon iben Endyen ap dirije. Ou pa gen pou peye dediktib pou Part B a. Vizite findahealthcenter.hrsa.gov pou w jwenn yon sant sante ki tou pre lakay ou.

Telesante: Ou ka elijib pou w resevwa fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou nan men yon doktè oswa lòt founisè swen sante ki lokalize nenpòt ki kote gras ak odyo sèlman (tankou telefòn ou) oswa teknoloji kominikasyon odyo ak videyo (tankou òdinatè). Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis telesante yo, rele nan 1-800-MEDICARE. Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

Kisa mwen pral aprann nan fòmasyon sa a?

Premye sesyon fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou an se yon evalyasyon endividyèl pou ede enstriktè yo pi byen konprann bezwen ou yo.

Fòmasyon nan saldeklas pral kouvri sijè tankou sa yo:

- Enfòmasyon jeneral sou dyabèt, avantaj ki genyen nan kontwole sik nan san, ak risk ki genyen lè w pa byen kontwole sik nan san an
- Nitrisyon ak kijan pou jere rejim alimantè w
- Opsyon pou jere ak amelyore kontwòl sik nan san an

Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt (kontinye)

- Egzèsis ak pouki rezon li enpòtan pou sante w
- Kijan pou pran medikaman w yo kòmsadwa
- Tès sik nan san ak kijan pou itilize enfòmasyon an pou amelyore kontwòl dyabèt ou
- Kijan pou anpeche, rekonèt, ak trete konplikasyon grav ak kwonik ki prezante akòz dyabèt ou
- Swen pye, po, ak dan
- Kijan alimantasyon, egzèsis ak medikaman afekte sik nan san
- Chanjman nan konpòtman, etablisman objektif, rediksyon risk, ak rezolizyon pwoblèm
- Kijan pou adapte emosyonèlman avèk maladi dyabèt
- Patisipasyon ak sipò fanmi
- Itilizasyon sistèm swen sante ak resous kominotè

Sèvis terapi nitrisyon medikal

Anplis fòmasyon oto-jesyon dyabèt, Pati B kouvri sèvis terapi nitrisyon medikal si ou gen dyabèt oswa maladi ren epi ou satisfè sèten kritè. Yon doktè dwe preskri sèvis sa yo pou ou.

Yon dyetisyen otorize oswa sèten pwofesyonèl nan domèn nitrisyon ka ba w sèvis sa yo:

- Yon preme evalyasyon manje w abitye manje yo ak fason w ap viv la
- Konsèy sou nitrisyon (ki manje pou manje ak kijan pou suiv yon plan repa pèsonalize pou moun ki dyabetik)
- Kijan pou jere faktè mòdevi w ki afekte kondisyon dyabèt ou a
- Vizit swivi pou yo verifye si w fè pwogrè nan fason w ap jere rejim alimantè w la

Sonje byen, doktè ou oswa yon lòt founisè swen sante dwe preskri sèvis terapi nitrisyonèl medikal la chak ane pou Medicare ka peye.

Sèvis terapi nitrisyon medikal (kontinye)

Remak: Sèvis terapi nitrisyonèl medikal la disponib nan plizyè Sant Sante Gouvènman Federal la Kalifye. Konsilte paj 24. Vizite findahealthcenter.hrsa.gov pou w jwenn yon sant sante ki tou pre lakay ou.

Telesante: Ou ka anmezi pou jwenn terapi nitrisyon medikal nan men yon dyetetisyen ki anrejistre oswa yon lòt founisè swen sante atravè telesante. Jwenn plis enfòmasyon nan paj 23.

Egzamen ak tretman pou pye

Si dyabèt la domaje nè yo nan nenpòt nan pye ou yo, Part B ap kouvri yon sèl egzamen pye chak 6 mwa, ke yon podyat oswa yon lòt espesyalis swen pye ap fè, sof si ou te wè yon espesyalis swen pye pou kèk lòt pwoblèm pye pandan 6 mwa ki sot pase yo. Medicare ka kouvri plis vizit toujou si w yo te koupe yon pati nan pye w oswa tout pye w (pa paske w te blese), san sa pa twomatize w oswa pye ou yo chanje aparans, sa ki ka endike ou gen yon maladi pye ki grav. Sonje byen ke w dwe ap pran swen nan men doktè ki ba w premye swen an oswa yon espesyalis nan zafè dyabèt lè w ap resevwa swen nan pye.

Tès emoglobin A1C

Yon tès emoglobin A1C se yon tès laboratwa ki mezire kijan yo te kontwòle sik nan san w pandan 3 mwa ki sot pase yo. Si ou gen dyabèt Part B kouvri tès sa a si doktè ou rekòmande li.

Tès glokòm

Part B ap peye pou w fè yon egzamen k ap detekte si w gen glokòm nan zye yon fwa chak 12 mwa si ou gen risk pou w fè maladi glokòm. Yo konsidere ou kòm yon moun ki gen gwo risk pou glokòm si ou gen:

- Dyabetik mellitus
- Fanmi ou ki konn abitye gen glokòm oswa
- Se Afriken-Ameriken epi ki gen 50 lane oswa pi plis oswa
- Se Ispanik epi li gen 65 lane oswa pi plis.

Tès sa a dwe fèt oswa sipèvize pa yon doktè zye ki gen otorizasyon legal pou l bay sèvis sa a nan eta ou a.

Piki (vaksen) kont lagrip ak anti-nemokoksik

Si ou gen dyabèt, ou gen yon pi gwo risk pou konplikasyon grip ak nemoni. Li enpòtan pou pran vaksen pou diminye risk sa a. Pati B ap peye pou w pran vaksen kont grip jeneralman yon fwa nan yon sezon grip. Pati B ap peye tou pou vaksen nemokoksik pou anpeche enfeksyon nemokoksik (tankou sèten kalite nemoni). Pale ak doktè w oswa lòt founisè swen sante w pou w konnen si w bezwen vaksen sa yo.

Vizit prevantif “Byenveni nan Medicare”

Pati B-a kouvri yon revizyon sante-ou ki fèt yon sèl fwa, ak edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif nan premye 12 mwa ou gen Pati B-a. Sa gen ladann, enfòmasyon sou sèten tès depistaj, piki, ak referans pou lòt swen, si sa nesèsè. Vizit prevansyon “Byenveni nan Medicare” la se yon bon opòtinite pou pale avèk doktè w sou sèvis prevansyon ou bezwen, tankou tès depistaj pou dyabèt.

Vizit “Byennèt” anyèl

Si ou te genyen Medicare Pati B pou plis pase 12 mwa, ou ka gen yon vizit “Byennèt” chak ane pou devlope oswa aktyalize yon plan prevansyon pèsonalize baze sou faktè sante ak risk aktyèl ou yo. Sa gen ladann:

- Yon revizyon istorik medikal ak istorik familyal ou
- Yon lis pwofesyonèl swen sante aktyèl ak medikaman sou preskripsyon
- Wotè w, pwa w, tansyon ateryèl ou, ak lò evalyasyon woutin
- Yon orè pou depistaj pou sèvis prevantif apwopriye
- Yon lis faktè risk ak opsyon tretman pou ou

Atik ak sèvis Medicare pa kouvri

Original Medicare ak plan medikaman Medicare yo pa kouvri tout bagay. Pa egzanp, pwodui ak sèvis sa yo pa kouvri:

- Linèt ak egzamen pou linèt, eksepte apre operasyon katarak
- Soulye òtopedik (soulye pou moun ki gen domaj nan pye, men ke pye yo entak)
- Chiriji kosmetik

SEKSYON

Konsèy ak Resous Itil

5

Gen plis enfòmasyon ki disponib pou ede w fè chwa sou swen sante ak pran desizyon k ap reponn a bezwen w genyen yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti Medicare pou dyabèt, ale nan [Medicare.gov/coverage](https://www.Medicare.gov/coverage) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele 1-877-486-2048.

Nimewo telefòn ak sitwèb

Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS)

cdc.gov/diabetes
1-800-232-4636

Pou jwenn yon Sant Sante

findahealthcenter.hrsa.gov

Sèvis Sante pou Endyen

ihs.gov/diabetes

MyHealthfinder

healthfinder.gov

Pwogram Nasyonal Medicare pou Prevansyon kont Dyabèt

cdc.gov/diabetes/prevention

Enstiti Nasyonal Dyabèt ak Maladi Dijestif ak Maladi Ren ki nan Enstiti Nasyonal Sante (National Institute of Diabetes & Digestive & Kidney Diseases, NIDDK, of the National Institutes of Health, NIH, DHHS)

niddk.nih.gov
niddk.nih.gov/health-information/diabetes
1-800-860-8747 (Clearinghouse)

Aksè a Kominikasyon pou CMS

Medicare bay èd ak sèvis oksilyè gratis, ki gen ladan enfòmasyon nan fòm aksèsib tankou bray, gwo lèt, fichye done/odyo, sèvis relè ak kominikasyon TTY. Si w mande enfòmasyon nan yon fòm aksèsib, sa p ap defavorize w pou pran tan anplis ki nesèsè pou yo bay li. Sa vle di ou pwal jwenn plis tan pou pwan nenpòt ki aksyon si genyen yon reta nan ranpli demann-ou an.

Pou mande enfòmasyon sou Medicare oswa Mache Asirans la nan yon fòm aksèsib ou kapab:

- 1. Rele nou:** Pou Medicare: 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)
TTY: 1-877-486-2048.
Pou Marketplace: 1-800-318-2596. TTY: 1-855-889-4325
- 2. Ekri nou pa imel:** altformatrequest@cms.hhs.gov.
- 3. Voye on faks pou nou:** 1-844-530-3676.
- 4. Voye on lèt pou nou:**

Centers for Medicare & Medicaid Services
Offices of Hearings and Inquiries (OHI)
7500 Security Boulevard, Mail Stop DO-01-20
Baltimore, MD 21244-1850
Attn: Customer Accessibility Resource Staff

Demann-ou a ta dwe genyen non-ou, nimewo telefòn-ou, ki kalite enfòmasyon ou bezwen (si ou konnen), ak adrès postal kote nou ta dwe voye materyèl yo. Nou ka kontakte-ou pou plis enfòmasyon.

Remak: Si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage oswa yon Plan pou Medikaman sou Preskripsyon, ou ka kontakte plan'w lan pou'w mande dokiman yo nan yon fòm ki aksèsib. Pou Medicaid, kontakte biwo Medicaid leta-ou oswa lokal.

Avi Kont Diskriminasyon

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services) (CMS) pa eskli, li pa refize bay okenn moun benefis, oswa li pa fè lòt kalite diskriminasyon kont pèsòn, ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, andikap, sèks (enkli oryantasyon seksyèl ak idantite sèks), oswa laj pou admisyon, patisipasyon, oswa resevwa sèvis yo ak benefis yo nan nenpòt nan pwogram ak aktivite, ke se CMS ki bay yo dirèkteman oswa yo resevwa yo atravè yon kontraktè oswa nenpòt lòt antite ke CMS gen angajman avèk yo pou reyalize pwogram ak aktivite li yo.

Ou ka kontakte CMS nan nenpòt nan fason ki enkli nan avi sa si ou gen nenpòt enkyetid sou jwenn enfòmasyon nan yon fòm ke ou ka itilize.

Ou ka depoze yon plent tou si ou panse ou te sibi diskriminasyon nan yon pwogram oswa aktivite CMS, ki gen ladan'l pwoblèm pou jwenn enfòmasyon nan yon fòm ki aksesib soti nan nenpòt ki Plan Medicare Advantage, Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon, Biwo Medicaid nan Eta-a oswa lokal, oswa Plan Sante Kalifye nan Mache Asirans-la (Marketplace). Gen twa fason pou pote yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil:

1. **Sou entènèt:** hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/index.html.
2. **Pa telefòn:** Rele 1-800-368-1019. tilizatè TTY ka rele 1-800-537-7697.
3. **Alekri:** Voye enfòmasyon sou plent ou-a: Biwo pou Dwa Sivil

Office for Civil Rights
U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

U.S. DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES

Centers for Medicare & Medicaid Services
7500 Security Boulevard
Baltimore, Maryland 21244-1850

Afè Ofisyèl
Amann pou Itilizasyon Prive, \$300

CMS Product No. 11022-HC (Haitian-Creole)
June 2023

Medicare Coverage of Diabetes Supplies, Services, & Prevention Programs

- Medicare.gov
- 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)
- TTY: 1-877-486-2048

